



Pou Piblikasyon Imedya: 10/21/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LWA POU PWOTEJE AK PLIS RANFÒSE EGALITE FI YO NAN ETA NEW YORK

Gouvènè a anonse \$6.4 milyon pou prevansyon agresyon seksyèl ak asistans founisè yo

Odyo remak Gouvènè a disponib [la](#); videyo a disponib [la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te siyen yon lwa plizyè pati ki fèt pou pwoteje ak ranfòse egalite fi yo nan Eta New York. Nouvo lwa a ap ede reyalize egalite nan peman, ranfòse lwa sou trafik imen ak pwoteksyon pou viktim vyolans domestik yo epi mete fen nan diskriminasyon gwosè nan tout plas travay yo.

Gouvènè a te anonse tou ke Eta New York te atribye yon total \$6.4 milyon pou Prevansyon Agresyon seksyèl ak asistans founisè yo nan Eta. Sa enkli \$4.5 milyon ki te adopte nan kad pake lejislasyon Enough is Enough pou sipòte enplemantasyon nouvo lejislasyon agresyon seksyèl sou kanpis yo lè yo bay prevansyon, ansanm avèk \$1 milyon ke Depatman Sante ap jere ak \$900,000 ke Biwo Sèvis Viktim ap jere.

“Eta sa gen yon eritaj pou l dirije wout la nan avanse dwa egal— e jodia, nap fè New York vini yon modèl egalite pou fi yo,” **te deklare Gouvènè Cuomo**. “Seri lwa konplè sa ap ede pou asire ke fi yo jwenn sipò, pwoteksyon e ke yo jwenn tout opòtinite yo merite nan lavi. Jodia, New York kanpe yon fwa ankò kòm yon moniman pou pwogrè, ak yon siy de sa nou ka reyalize lè nou mete tèt nou ansanm pou nou fè sa ki bon pou fi yo tout kote.”

Wap jwenn odyo remak Gouvènè a nan aktivite jodia disponib [la](#), e ou ka wè aktivite a sou YouTube [la](#).

Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare: “Jodia se yon jou istorik pou Eta New York kòm nou finalman ap reponn a pwomès nou pou plizyè milyon fi kap chèche krazè plafon anglas envizib sa. Antanke fi, mwen patikilyèman fyè dèske Gouvènè a te amelyore kondisyon fi yo nan eta nou an youn nan pigwo priyorite l. Se osijè sa lwa sou Egalite Fi yo te ye: pou asire ke fi yo pa trete diferan ankò de tokay yo gason. Kesewa lap pwoteje fi yo kont agresyon seksyèl, diskriminasyon gwosès oswa garanti

peman egal pou travay, Gouvènè Cuomo merite anpil kredi paske li te reyalize ajanda anbisye l e li pa janm gade dèyè.”

Nan kad efò Gouvènè a pou pwoteje dwa fi yo, li te siyen yon kantite pwojè lwa ki fèt pou mete fen nan diskriminasyon ak inegalite baze sou sèks. Wap jwenn pwojè lwa yo [la](#). Nouvo lwa ap ede pou:

- **Reyalize Ekilib nan Salè:** Pwojè lwa sa (S. 1 / A. 6075) ta ranfòse lwa Eta New York pou reyèlman entèdi travay yo pou yo pa peye fi yo mwens lajan pase gason yo pou menm travay la. Pwojè lwa sa elimine yon defayans nan lwa aktyèl la ki pèmèt travay yo entèdi anplwaye yo diskite salè sou menas tèminasyon oswa sispansyon. Spesyalman, pwojè lwa ta pèmèt anplwaye yo diskite salè yo avèk youn lòt. Anplis, pwojè lwa ogmante kantite domaj ki disponib pou yon anplwaye si yon travay ta volontèman vyole lwa a.
- **Pwoteje viktim asèlman seksyèl:** Pwojè lwa sa (S. 2 / A. 5360) pwoteje tout anplwaye yo kont asèlman seksyèl nan plas travay la kèlkeswa gwosè travay la. Aktyèlman, definisyon “anplwayè” ekskli travay ki gen mwens pase kat anplwaye, kidonk entèdi moun yo pou yo pa depoze plent sou asèlman avèk Divizyon Dwa lmen kont travay sa yo. Nouvo lwa sa elaji definisyon “travay” pou kouvri tout travay yo nan New York nan ka asèlman seksyèl kidonk yon anplwaye nan nenpòt biznis ka depoze yon plent asèlman seksyèl nan plas travay.
- **Elimine Obstak pou Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon,:** Pwojè lwa sa (S. 3 / A.7189) pèmèt pleyan yo avèk siksè rekipere frè avoka nan travay oswa kredi nan ka diskriminasyon ki baze sou sèks. Lwa sa pèmèt viktim yo, pifò ladan yo se fi, pou gen okazyon pou defann dwa yo ak opòtinite pou yo reprann yo nan ka kote yo triyonfe. Daprè lwa Eta New York ki egziste deja, pleyan yo pa kapab rekipere de frè avoka pou pwosè travay nan ka diskriminasyon yo, sa lakoz li koute chè pou pote yon ka.
- **Mete yon Pwen Final nan Diskriminasyon akòz Sitiyasyon Fanmi,:** Pwojè lwa sa (S. 4 / A. 7317) entèdi diskriminasyon travay ki baze sou stati famiyal. Aktyèlman, lwa Eta New York entèdi sèlman diskriminasyon ki baze sou stati famiyal nan domèn lojman ak kredi, toutfw, anplwaye yo souvan soufri nan kliche ki gen rapò a estati yo kòm paran oswa gadyen timoun anba laj dizwit ane. Fi yo te pi touche pa opinyon kliche paran yo nan plas travay la e yo gen mwens chans pou yo jwenn rekòmandasyon pou anboche oswa pwomote. Nouvo lwa sa entèdi ajans travay yo, ajans ki gen lisans, oswa òganizasyon travay yo de diskriminasyon kont travayè yo baze sou estati famiyal yo.
- **Pwoteje viktim vyolans domestik yo kont diskriminasyon lojman:** Pwojè lwa sa (S. 5 / A. 6354-B) entèdi pwopriyete yo pou pa diskrimine kont viktim vyolans domestik yo. Aktyèlman, daprè lwa Eta New York yo te ka refize yon moun lojman sou baz estati vyolans domestik li. Nouvo pwojè lwa sa pwoteje viktim vyolans domestik yo kont diskriminasyon lè yap eseye lwe oswa kontra lojman, epi ba yo yon defans afimativ nan pwosè degèpisman ak yon dwa daksyon prive. Anplis, pwojè lwa sa ta kreye yon Gwoup Travay pou etidye konsekans sous revni sa gen aksè sou lojman.
- **Pwoteje Moun ki Viktim de Vyolans nan Kay avèk Ranfòsman Lwa sou Lòd Pwoteksyon:** Pwojè lwa sa (S. 6 / A. 6262) kreye yon pwogram pilòt pou

pèmèt viktim vyolans domestik yo chèche òdonans pwoteksyon tanporè grasa mwayen elektwonik olye ke yo parèt an pèsan. Aktyèlman viktim vyolans domestik yo sibi vyolans enpòtan nan garanti pwoteksyon nan men abizè yo. Pa egzanp, kèk viktim bezwen òdonans tanporè pwoteksyon imedyat, men yo pa gen mwayen pou vwayaje nan tribinal fanmi apwopriye. Pou retire obstak sa yo epi asire ke viktim yo anmezi pou garanti òdonans pwoteksyon ki pi nesèsè, pwojè lwa sa ta pèmèt Biwo Administrasyon Tribinal pou devlope yon pwogram pilòt pou pèmèt viktim yo fè petisyon pou òdonans pwoteksyon tanporè a distans. Anplis, pwojè lwa sa ap asire ke yo tradwi òdonans pwoteksyon, lè li nesèsè, epi fè li klè ke yon viktim vyolans domestik ki gen yon òdonans pwoteksyon kont abizè l pa kapab akize ke li vyole pwòp òdonans pwoteksyon l.

- **Ranfòse Lwa sou Trafik Moun:** Pwojè lwa sa (S. 7 / A. 506) ranfòse lwa ki egziste deja nan Eta New York pou konbat trafik imen. Li elimine kondisyon ke yo te pwouve kontrent nan yon pouwit sèks trafik lè viktim yo se minè, ogmante penalite pou krim, epi kreye yon defans afimativ nan pouwit pwostitisyon si defandan se te yon viktim trafik. Anplis, nouvo lwa rann li pi fasil pou viktim trafik imen yo resevwa sèvis sipò, e li egzije fòmasyon pou lapolis pou l adekwatman adrese krim trafik imen.

- **Pwoteje fi yo kont diskriminasyon Gwosès:** Pwojè lwa sa (S. 8 / A. 4272) egzije ke travay yo bay akomodasyon rezonab pou anplwaye ki ansent yo. Kèk gwosès ka lakoz nan kondisyon medikal ki mande sèten akomodasyon nan plas travay la e pwoteksyon aktyèl yo pou fi ansent gen konfizyon e yo te mal entèprete. Nouvo lwa sa klarifye ke travay yo dwe pèfòme yon analiz sou akomodasyon rezonab pou anplwaye ki ansent yo.

Manm Asanble Donna Lupardo, Prezidan Kokis Lejislativ Fi yo, te deklare:

“Jodia, New York ap pran anpil gwo etap nan batay kont diskriminasyon e lap kontinye dirije wout la nan asire egalite pou tout moun. Avèk nouvo lwa sa yo, New York ap garanti pwoteksyon san parèy pou fi ansanm avèk fanmi yo sou anpil pwoblèm. Mwen vle remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk kòlèg mwen yo nan lejislati a pou lidèchip yo sou kesyon sa epi pran yon gwo pozisyon kont diskriminasyon ak asèlman seksyèl.”

Senatè Catherine Young te deklare: “Ajanda Egalite Fi yo ki te siyen jodia ap etabli pwoteksyon rapid pou fi New York yo, epi make yon etap pwogrè istorik nan batay pou egalite. Eta New York te toujou yon ‘Eta Opòtinite,’ e avèk nouvo lwa sa yo nap asire ke opòtinite sa yo pwoteje pou fi yo menm jan yo pwoteje pou gason yo. Nap pran egalman yon gwo etap fondamantal pou pwoteje fi yo kont yon seri krim terib, enkli asèlman seksyèl ak trafik imen. Jodia se prè ke nou ka vini ansanm – Repibliken ak Demokrat– pou fè travay la fèt. Map rete tann pou m kontinye nivo patenarya sa, avèk Gouvènè Cuomo ansanm avèk manm yo nan Sena ak Asanble a, pou kanpe pou fi New York yo. ”

Senatè Betty Little te deklare: “Mwen kontan anpil dèske mwen wè pwojè lwa sa yo siyen sa ki pral ede diminye obstak yo ak asire yon avni ki pi briyan pou fi yo toupatou nan Eta New York. Nan kèk ane, nou pral selebre santènè anivèsè dwa vòt fi yo nan Eta New York. Li pral yon tan pou sonje epi onore fi enkwayab, angaje yo ki pap

aksepte 'non' kòm repons epi triyonfe nan 1917. Yo onore memwa yo avèk pwogrè kontinyèl ke nou te wè nan siyati pwojè lwa jodia. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm avèk tout kòlèg mwen yo pou rann sa posib.”

Senatè Diane Savino te deklare: “Jodia New York pran yon gwo etap pwogrè nan rekonèt dwa fi yo nan travay. Mezi sa yo ranfòse pwoteksyon e yo anpeche diskriminasyon nan peman pou fi New York yo. Egalite nan peman te dwe fèt depi lontan e pwojè lwa bon sans sa ap asire ke fi kap travay di yo nan New York gen chans pou yo touche menm salè ansanm avèk tokay gason yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te rekonèt enpòtans kesyon sa epi li asire ke fi yo nan New York gen tout pwoteksyon dapre lwa a.”

Senatè Andrew Lanza te deklare: “Trafik imen se yon vèsyon nan komès esklavaj modèn ak yon vyolasyon devastasyon dwa imen kap fèt nan pwòp lakou nou. Isit la nan New York, yo vann plizyè milye moun inosan tankou pworiyete chak ane. Mwen fyè dèske mwen te patwone epi pase Lwa sou Jistis ak Pwoteksyon Viktim Trafik ke nou tap rete tann depi lontan (TVPJA) pou amelyore pwoteksyon pou viktim trafik yo epi kenbe sila yo ki eksplwate yo responsab. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Manm Asanble Paulin ansanm avèk anpil lòt defansè ki te ede yo pou fè sa vin posib.”

Senatè Joe Robach, te deklare: “Lè li kesyon pou konbat vyolans domestik, li esansyèlman enpòtan ke viktim yo jwenn lojman pou tèt yo ansanm avèk fanmi yo pou echape danje iminan ke yo te andire. Lwa sa ap mete fen nan diskriminasyon nan mache lojman epi bay viktim vyolans domestik yo pwoteksyon yo bezwen nan men abizè yo. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè a paske li te siyen pwojè lwa sa an lwa, e sa se pi bon moman pou fè sa pase nan mwa Sansibilizasyon sou vyolans Domestik la.”

Senatè Kemp Hannon te deklare: “Sa a se yon ane istorik pou Eta nan kanpay ankou nou an pou pwoteje, ranfòse ak plis avanse dwa fi yo, e mwen kontan dèske m te travay avèk Gouvènè a ansanm avèk Asanble a pou finalman adopte pwotesyon sa yo ki nesèsè anpil. Mwen fyè dèske m te patwone mezi ki egzijè ke anplwayè yo bay akomodasyon rezonab pou anplwaye yo ki gen kondisyon medikal ki gen rapò avèk gwosès. Sena te pase mezi sa pandan plizyè ane e mwen kontan dèske nou te anmezi pou vini ansanm nan yon fason bi-patizan pou adopte lwa bon sans sa pou asire ke yo garanti fi yo pwoteksyon adekwat sou diskriminasyon nan New York.”

Senatè David J. Valesky te deklare: “Sa yo se pati ki enpòtan anpil nan lwa ki nesèsè pou pi byen pwoteje fi yo nan plas travay la epi kont trafik imen. Mwayen finansye ak sibzistans anpil fi depann sou pasaj pwojè sa yo, e mwen remèsye Gouvènè Cuomo paske li te siyen yo an lwa jodia.”

Manm Asanble Amy Paulin te deklare: “Kounye a nou gen pouvwa legal pou mente fen nan krim atwòs sa epi retire predate yo nan biznis. Nou ka finalman retire jèn viktim trafik imen yo nan lonbraj epi reba yo yon lavi ki gen diyite ak pwomès. Mwen vle remèsye Gouvènè a paske li te siyen pwojè lwa sa. Nouvo lwa sa se yon lòt pwogrè

pou gwo eta New York. Lwa sou Jistis ak Pwoteksyon pou Viktim Trafik yo se petèt pwojè lwa ki pi enpòtan nan karyè m."

Manm Asanble Linda B. Rosenthal te deklare: "Jodia se yon jou istorik pou fi yo nan Eta New York. Jodia, Gouvènè a ap siyen uit pati nan lejislasyon an ki esansyèlman enpòtan ki pral mete tout fi yo nan yon etap ki pi pre pou vrè egalite nan sèks. Mwen te travay etwatman avèk Administrasyon an pou asire ke finansman pou sant kriz vyòl nan tout eta matche etandi difikilte nou te andire, e mwen kontan dèske Gouvènè a te priyore finansman pou prevansyon, edikasyon ak konsèy pou kriz. Angajman Gouvènè Cuomo' a sivivan vyòl ak agresyon seksyèl enkesyonab, e map rete tann pou m travay etwatman avè l ansanm avèk defansè yo nan sesyon kap vini yo pou kontinye lidèchip New York sou kesyon sa."

Manm Asanble Michele Titus te deklare: "Mwen fyè dèske mwen te jwe yon wòl nan pase yon pati nan Ajanda sou Egalite Fi yo. Jodia eta nou an ap pran yon etap pwogrè enpòtan nan batay pou dwa egal— sa se yon jou ki pral amelyore lavi plizyè milyon moun. Gouvènè Cuomo te yon sipòtè san relach ak defansè dwa fi yo, e map rete tann pou m travay etwatman avè l nan jou, semèn ak mwa kap vini yo kòm nap kontinye pouse anvlòp la nan non tout fi yo tou kote."

Manm Asanble Crystal Peoples Stokes te deklare: "Viktim vyolans domestik yo pa ta dwe sijè a diskriminasyon nan men pwopriyete yo. Aktyèlman yo ka refize yon moun lojman akòz de estati viktim vyolans domestik li. Lejislasyon sa bay sipò ki pi nesè nan garanti lojman ak defans nan pwosè degèpisman. Haven House se yon etablisman lokal ki bay lojman ijans pou viktim vyolans domestik yo, sa ki montre bezwen pou chemen lojman adisyonèl parapò a obstak. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo pou angajman l nan inisyativ Enough is Enough epi dèske li bay resous pou ede nan pwogram kle sa yo."

Manm Asanble Addie J. Russell te deklare: "Nan New York nou konnen ke fanmi yo se fondasyon kominote nou yo. Si yon moun sibi diskriminasyon paske yo gen timoun, li fè nou tout mal. Avèk pwojè lwa mwen an ke Gouvènè Cuomo te isyen an lwa pou anpeche travayè yo sibi diskriminasyon akòz de estati famiyal yo, nou te antreprann mezi nan direksyon pou asire ke yo pa jije fanmi ak zanmi nou yo pa kalifikasyon yo sèlman."

Manm asanble Aileen Gunther te deklare: "Manman ak tibebe ki ansante yo esansyèl pou yon bon jan kalite New York. Nou te tandè twòp istwa de anpil fi ke yo te fòse pou kite travay yo akòz anplwayè yo pat vle bay akomodasyon rezonab pandan gwosès yo. Nouvo lwa sa a se yon etap pwogrè nan lit kont diskriminasyon gwosès, men li adrese tou enpak ekonomik pèdi travay initalman sou fanmi yo nan eta. Nou ta dwe aplodi Gouvènè Cuomo pou sipò l anvè fi New York yo."

Manm Asanble Sandy Galef te deklare: "Mwen kontan anpil paske Gouvènè a te siyen pwojè lwa sa. Lwa sa bay anplwaye nan tout konpayi yo, kèlkeswa gwosè l, dwa pou depoze yon plent asèlman seksyèl. Nan 2011, fi yo te depoze 75 pousan nan tout

plent asèlman seksyèl nan Divizyon Dwa Imen Eta nan Eta New York, e 83 pousan nan tout plent asèlman seksyèl yo te depoze nan Komisyon Opòtinite Travay Egal. Lejislasyon sa bay pwoteksyon pou sila yo ki pat gen menm dwa ansanm avèk lòt yo ki tap travay nan pi gwo biznis. Nouvo lwa sa ap genyen yon enpak imedyat ak sibstansyèl kòm ti biznis yo ki gen mwens pase kat anplwaye konpoze plis pase 60 pousan nan anplwayè prive yo nan Eta. Mwen te gratifye pa yon vas sipò nan òganizasyon dwa fi yo pou lejislasyon sa.”

Manm Asanble Latoya Joyner te deklare: “Sila yo kap souffri de vyolans domestik pap gen pou yo vwayaje nan yon tribinal nan fason pou yo santi yo ansekirite kont abizè yo. Siyati pwojè lwa A.6262 sa pa Asanble a se yon viktwa pou viktim vyolans domestik, fanmi ak kominote yo paske li bay abilite teknoloji pou fè yo santi yo pi ansekirite. Mwen felisite travay ak sipò kolèg mwen yo ansanm avèk Gouvènè Cuomo pou seri pwojè lwa esansyèl sa pou amelyore sekirite pou sila yo kap eksperimante vyolans domestik paske li se yon pwoblèm nan sosyete nou an. Kounye a, avèk siyati Pwojè A.6262 pa Asanble a, yo pral kreye yon nouvo pwogram pilòt pou pèmèt moun yo depoze òdonans pwoteksyon elektwonikman.”

Manm Asanble Jeff Dinowitz te deklare: "Mwen kontan dèske Gouvènè Cuomo siyen pati lejislasyon enpòtan sa an lwa jodia. Nouvo lwa sa kreye frè rezonab pou avoka nan lojman, travay, ak ka diskriminasyon kredi kote sèks se baz diskriminasyon an. Li senpleman pa jis ke moun sila yo ki gen plis bezwen nan yon pozisyon kote yo swa dekouraje nan chèche èd legal, oswa menm yo ka arive gen pi gwo pwoblèm finansye paske yo te refize yo. Lè moun yo ap fè fas a diskriminasyon yo pa ta dwe fòse yo pou yo rete ansilans senpleman paske yo pa ka peye yon avoka. Atribisyon frè avoka pou ka diskriminasyon ke pwojè lwa sa ap adrese ap bay moun ki gen plis bezwen yo reprezantasyon ki nesèsè pou yo ka lite. Mwen fyè paske mwen se pwomotè lejislasyon sa nan Ansable a e mwen fyè dèske m te kanpe avèk Gouvènè a jodia pandan li tap siyen l an lwa."

Enough is Enough - \$4.5 milyon

Finansman sa te enkli nan lejislasyon Enough is Enough ki te pase nan mwa jen nan fason pou sipòte prevansyon agresyon seksyèl ak asistans pou founisè yo, enkli prevansyon, edikasyon, ak sèvis dirèk viktim, sou kanpis kolèj yo nan eta.

DOH ap jere sibvansyon sa yo, an konsiltasyon avèk OVS, e lap bay asistans a 60 founisè ak prevansyon agresyon seksyèl nan eta. Finansman ki atribye a chak founisè baze sou kantite etidyan kolèj ki enskri nan kolèj/inivèsite ki lokalize nan chak konte nan Eta New York. Founisè nan konte ki pa gen kolèj yo jwenn finansman tou pou sipòte ogmantasyon demann ki antisipe pou sèvis nan kad inisyativ Enough is Enough.

DOH ap bay yon prim non-konpetitiv a founisè yo ki pèfòme travay ki asosye avèk lejislasyon an, annakò avèk yon plan travay obligatwa ansanm avèk patenarya ki te demontre ant founisè ak kolèj ak inivèsite lokal yo.

Depatman Sante - \$1 milyon

Finansman sa, te enkli nan bidjè SFY 2015-16, ki pral distribye ekitableman pami 55 founisè DOH-apwouve yo pou asistans ak prevansyon agresyon seksyèl. Chak founisè ap resevwa apeprè \$18,180 pou sipòte operasyon pwogram ak prim ki santre sou kominote ak aktivite edikasyon. Founisè yo ka itilize fon sa pou sipòte yon laj varyete aktivite, enkli prevansyon ak fòmasyon, e li ka itilize finansamn sa pou amelyore efò yo dapre lejislasyon Enough is Enough.

Biwo Sèvis pou Viktim - \$900,000

Finansman sa, te enkli nan bidjè SFY 2015-16 ap distribye a 34 founisè ki te resevwa finansman nan OVS nan 2015 anba kategori priyorite agresyon seksyèl, an pwopòsyon avèk gwosè sèvis pwogram ki egziste deja. Yo ka itilize fon sa yo pou sipòte sèvis dirèk pou viktim agresyon seksyèl yo, men li pa limite a:

- Ede viktim yo nan ranpli aplikasyon pou konpansasyon;
- Akonpaye viktim yo nan lopital pou egzamen medikal vyòl (FRE);
- Akonpaye viktim yo nan estasyon lapolis lè yap fè deklarasyon;
- Kenbe yon liy telefòn pou kriz kidonk viktim yo ka rele pou yo jwenn sipò 24 èdtan pa jou;
- Konsèy endividyèl ak terapi; ak
- Toulède defans jistis kriminèl ak pèsònèl pou ede viktim yo nan garanti dwa yo.

Wap jwenn yon lis konplè òganizasyon ak ajans yo ki pral resevwa alokasyon nan chak nan kategori sa yo [la](#).

Nan non Kowalisyon Egalite pou Fi yo, Suzy Ballantyne, ko-prezidan WEA te deklare: "Nou aplodi Gouvènè Cuomo paske li te inisyè refòm sa yo kap avanse egalite pou fi New York yo ak pou pwochen jenerasyon yo. Lè nou travay ansanm avèk 850 òganizasyon ki gen ladan Kowalisyon pou Egalite Fi yo, lejislatè yo nan Eta nou an, ansanm avèk Gouvènè a te anmezi pou pase lejislasyon kap amelyore lavi fi ansanm avèk fanmi yo. Nap rete tann pou nou travay avèk alye nou yo pou kenbe elan delavan. Nou pap sispann jiskaske gen egalite total nan tout aspè yo nan lavi fanm yo"

Beverly Neufeld, Prezidan PowHer New York te deklare: "PowHer New York ansanm avèk anpil defansè ki te pouse pou lejislasyon egalite nan peman pandan plizyè deseni aplodi Gouvènè Cuomo paske li te defann – e kounye a siyen an lwa – pwoteksyon solid ki pral ede travayè yo pou jwenn peman egal pou travay egal. Makonnen avèk nouvo lwa yo pou adrese diskriminasyon gwosès, asèlman seksyèl, vyolans domestik, trafik, egalite nan peman ak plis, fi New York yo gen nouvo zouti ki nesèsè pou lite kont diskriminasyon epi konbat obstak a sekirite ekonomik ak pèsònèl. Akonplisman istorik sa egalman mete an limyè sa ki bon pou fi yo bon pou New York."

Donna Lieberman, Direktè Egzekitif New York Civil Liberties Union, te deklare: "Lè nou fèmen defayans nan anpil pwoteksyon ki egziste pou fi yo epi demontre yon angajman a egalite, pwojè lwa yo ki te siyen jodia te prepare teren an pou pwochen

refòm, tankou pwoteje dwa fondamantal fi yo pou chwazi, asire aksè nan swen sante repwodiktif epi peye nouvo manman yo konje matènite pou yo ka pran swen pitit yo san yo pa bezwen fè fas avèk dèt oswa fayit.”

Dina Bakst, Ko-fondatè A Better Balance, te deklare: "Mèsi, Gouvènè Cuomo, paske ou te gen kouraj ak vizyon pou takle obstak yo ki tap pèpetye diskriminasyon ak inegalite nan plas travay la – nan pwosesis la kreye yon pi bon New York pou pitit fi mwen yo, ansanm avèk tout manman, pitit fi, sè– epi fè yon diferans reyèl pou tout fanmi New York yo. Nou toujou gen travay ki rete pou fèt pou asire egalite total fi yo nan eta, men gwo etap sa, ki pran plizyè ane pou l fèt, ap fè yon gwo diferans pou fi ak fanmi yo nan New York."

Lauren Tobias, Prezidan ak PDG Family Planning Advocates nan Eta New York ak Parenthood Advocates New York, te deklare: “Sa a se yon moman pou n selebre, men li se yon premye etap, men se pa yon destinasyon final. Te gen aspè enpòtan nan pati ki potko fini an enkli pwoteksyon Eta New York pou abilite yon fi pou l gen aksè a sèvis avòtman sa ki vini deplizanpli frajil nan peyi a. Nap rete tann pou n travay avèk kòlèg konfyans nou yo nan lejislati a pou fini travay la.”

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418